

Medyatè a

Bay fanmi, timoun, ak adilt yo nan Eta New York sipò pou nenpòt pwoblèm ki gen rapò avèk sityasyon sanzabri. Se pwofesyonèl yo ki gen anpil fòmasyon k ap sèvi kòm lidè epi yo gen anpil eksperyans nan sipòte ak devlope kapasite popilasyon vilnerab nan Eta New York la.



Kisa Repezantan Sèvis Konstitiyan Medyatè yo fè?

Repezantan yo kapab pale avèk ou plis sou sèvis yo ki disponib pou yo ede ou anvan, pandan, ak apre ou fin jwenn sèvis abri (shèltè) yo. Yo pral ede ou konprann dwa ak responsablite ou yo pandan ou nan shèltè a, osi byenke nan kominote a. Repezantan yo pa asosye avèk manm pèsònèl nan Depatman Sèvis pou Moun ki Sanzabri epi yo pa travay pou founisè shèltè yo.

Repezantan yo kapab ede ou kominike doleyans ou yo ak fè ankèt sou non ou. Epitou yo kapab ede pote atansyon sou enkyetid ou yo ba founisè shèltè yo, ak lòt ajans yo ki kapab ede ou jwenn yon solisyon.

Repezantan yo disponib pou ede ou avèk:

Konprann dwa ak responsablite ou yo nan shèltè ak nan kominote a

P ale sou enkyetid ou konsènan shèltè yo

Medyasyon ak rezolisyon konfli

Konprann kondisyon yo pou jwenn asistans avèk lokasyon

Prevansyon ak sipò gadri

Konekte avèk lòt vil ak sèvis kominotè yo


Kijan mwen kapab kontakte Biwo Medyatè a?

Ou kapab voye yon imèl ba Biwo Medyatè a nenpòt lè.

Adrès imèl nou se: Ombudsman@dhs.nyc.gov

Epitou ou kapab rele nou nan nimewo: **(800) 994-6494**

Manm pèsònèl yo disponib pou reponn kouffil ou lendi jiska vandredi, ant 9è di maten ak 4è nan apremidi a.



Èske mwen kapab pwograme yon reyinyon avèk yon Repezantan?

Wi! Biwo Medyatè a pral ede ou an pèsonn, lendi jiska vandredi, ant 9è di maten ak 4è nan apremidi a.

Epitou ou kapab pwograme yon randevou lè ou rele nimewo gratis nou.

